

# Jadinaj san danje nan Vil New York

## Fason pou Redui Ekspozisyon Ou nan Tè Kontamine

Jadinaj se yon fason ki bon anpil pou pase tan deyò, pou fè aktivite ak kiltive fwi ak legim fre. Malerezman, kote pou fè jaden nan vil yo ka gen ladan pwodui chimik oswa lòt polyan nan tè a. Kontaminan sa yo ka prezan nan tè a natirèlman oswa yo gendwa te soti nan ansyen aktivite tankou fabrikasyon, konstriksyon ak itilizasyon pestisid. Konnen risk tè ki kontamine yo genyen sou sante, epi swiv konsèy sa yo pou kiltive san danje epi manje plant yo.



### Sous Tè Kontamine yo

Pwodui chimik ak polyan ki kouran nan tè Vil New York gen ladan idwokabi awomatik polisiklik yo (Polycyclic Aromatic Hydrocarbons, PAH), pestisid ak metal tankou plon ak asenik.

### Tè a gen plis chans pou li kontamine si li toupre:

- Ansyen estrikti ki pentire ak penti abaz plon\*
- Wout oswa otowout ki gen anpil trafik
- Ray tren anlè
- Pon
- Depotwa pou antere fatra\*
- Estasyon gaz\*
- Garaj reparasyon machin\*
- Dray klining\*
- Izin elektrik\*
- Lòt zòn fabrikasyon oswa zòn endistriyèl\*

\*Kote yo ye kounye a oswa kote yo te konn ye

### Ekspozisyon ak Risk pou Sante

Ou ka vin ekspoze nan pwodui chimik oswa polyan ki nan tè a si ou:

- Manje aliman ki kiltive nan tè ki kontamine.
- Mete men ou nan bouch ou apre ou fin manyen tè ki kontamine oswa sifas ki kouvri ak tè ki kontamine.
- Respire pousyè ki soti nan tè kontamine pandan ou ap fouye tè.

Tè ki kontamine ka poze risk diferan pou sante selon pwodui chimik oswa polyan ki nan tè a, kantite tan ou ekspoze nan tè a ak eta sante moun ki ekspoze a. Jenn timoun yo gen pi gwo risk paske y ap devlope toujou, epitou yo gen plis chans mete men yo nan bouch yo epi yo vale tè a.



## Konsèy pou Fè Jadinaj nan Vil San danje

- Mete gan pandan ou ap fè jadinaj.
- Sèvi avèk tè ak konpòs pwòp. Anvizaje teste tè a si ou ap sèvi avèk tè ki la deja a.
- Sèvi ak espas souleve pou fè jaden (sa vle di, bwat ki gen bon tè pwòp ki bati sou tè ki la deja a). Ou dwe fè bwat yo avèk bwa, wòch oswa beton ki pa trete epi ki pa pentire. Mete yon kouch twal pou jaden semipèmeyab anwo tè ki la deja a anvan ou ajoute tè pwòp la.
- Sèvi avèk kouvèti tè (pa egzanp, retay bwa, mulch, zèb) sou tout zòn ki gen tè lavil ekspozè (pa egzanp, zòn pou jwe, zòn pou chita, santye). Kouvèti tè ede redui ekspozisyon nan tè ki anba a.



- Nan sezon otòn oswa prentan, ajoute konpòs nan anlè chak espas souleve pou jaden epi simen nouvo kouvèti tè sou zòn yo ki gen tè ki ekspozè si sa nesèsè.
- Kontwòle bèt nuizib yo avèk sekirite. Si ou ap itilize pestisid, itilize sèlman sa yo ki apwouve pou plant ou ap mete pestisid sou li a. Pou aplike pestisid la, swiv avèk anpil atansyon tout esplikasyon ki sou etikèt la.
- Apre jadinaj
  - Lave men ou avèk savon ak dlo epi fè timoun ki jwe oswa ki travay nan jaden an fè menm bagay la tou.
  - Lave zouti yo.
  - Chanje rad ou epi retire soulye ou anvan ou antre nan kay ou.
  - Lave fwi ak legim yo byen. Epitou ou ka kale legim rasin ak legim tibèkil yo (pa egzanp, pòm detè, kawòt, zonyon) anvan ou manje yo.



## Resous

Pou jwenn plis enfòmasyon, rele **311** oswa ale sou sitwèb [nyc.gov/health](https://nyc.gov/health) epi chèche **urban gardening** (jadinaj lavil).

### Jadinaj lavil:

- NYC Parks GreenThumb: [nyc.gov/parks/greenthumb](https://nyc.gov/parks/greenthumb)
- NYC Urban Agriculture: [nyc.gov/agriculture](https://nyc.gov/agriculture)
- Cornell University, Tè Ansante, Kominote Ansante (Healthy Soils, Healthy Communities): Ale sou sitwèb [cornell.edu](https://cornell.edu) epi chèche **healthy soils** (tè ansante).
- Sant Nasyonal pou Enfòmasyon sou Pestisid (National Pesticide Information Center): Ale sou sitwèb [npic.orst.edu](https://npic.orst.edu) epi chèche **soil and pesticides** (tè ak pestisid).



### Tè gratis ak bwa pou souleve espas pou fè jaden (jaden kominotè GreenThumb yo sèlman):

- NYC Parks GreenThumb: Ale sou sitwèb [nyc.gov/parks/greenthumb](https://nyc.gov/parks/greenthumb) epi chèche **lumber request** (demann bwa).
- PUREsoil NYC: Ale sou sitwèb [nyc.gov/oer](https://nyc.gov/oer) epi chèche **pure soil** (tè pi).
- Pwojè Konpostaj nan Vil New York (NYC Compost Project): Ale sou sitwèb [nyc.gov/dsny](https://nyc.gov/dsny) epi chèche **community composting** (fè konpòs kominotè).

### Tès sòl:

- Laboratwa pou Tè Lavil nan Brooklyn College: Ale sou sitwèb [brooklyn.cuny.edu](https://brooklyn.cuny.edu) epi chèche **urban soils** (tè lavil).
- Cornell University, Tè Ansante, Kominote Ansante (Healthy Soils, Healthy Communities): Ale sou sitwèb [cornell.edu](https://cornell.edu) epi chèche **healthy soils** (tè ansante).
- Enstiti Vil New York pou Tè Lavil (NYC Urban Soils Institute): [usi.nyc](https://usi.nyc)